

MODÈL AKÒ SIBVANSYON

PREMYE SIK FINANSMAN

AKÒ SIBVANSYON [Kontra #] ANT VIL BROCKTON AK [Òganizasyon san bi likratif]
KONSÈNAN [Tit Pwojè]

Dimansyon travay la:

[Enfòmasyon sa a ap tou gen ladan l pwopozisyon sou benefisyè a, ak tout kalandriye aktivite yo]

Livrab Obligatwa Nan Kad Sibvansyon an:

[Seksyon sa a ap bay livrab yo pwopoze yo dapre demann yo te soumèt la ak direktiv règ final pwovizwa a]

Apwouve pou lafòm sèlman:

Prezidan Direktè Jeneral Òganizasyon Dat
San Bi Likratif/Konfesyonèl la

Direktè Finansye Dat

Depatman Jiridik Dat

Majistra Dat

ADMINISTRASYON FINANS AK PWOGRAM

I. SIBVANSYON

- A. Y ap ka bay Benefisyè a premye vèsman an (25% nan montan sibvansyon total la) apre yo fin egzekite akò sa a nèt.
- B. Si yo remèt rapò premye trimès la nan dat **17 jen 2022** avan biwo fèmèn, y ap fè yon dezyèm vèsman (25%) nan dat **17 jen 2022** apre yo fin fè revizyon tout materyèl yo, twazyèm vèsman an nan dat **3 oktòb 2022**, epi y ap bay soubenefisyè a vèsman final la (25%) apre yo fin revize rapò trimès 3 a nan dat **5 desanm 2022**. Soubenefisyè yo responsab dokimantasyon ki nesèsè pou satisfè egzijans yo antanke soubenefisyè, si yo mande yo sa.
- C. Metòd Pèman- **chèk y ap voye pa lapòs bay soubenefisyè a, depo dirèk, oswa transfè.** Soubenefisyè a ap deklare metòd pèman prefere l lè y ap ba l sibvansyon an.
- D. Pwosesis fèmèti- Peryòd egzekisyon Faz I an ap kòmanse **21 fevriye 2022-29 janvye 2023**. Nan dat **29 janvye 2023** oswa anvan, tout soubenefisyè yo ap gen egzijans pou yo fè fèmèti tout depans final yo epi bay tout depans ki fèt, tout resi, ak tout rapò sou sibvansyon yo bay ajan sibvansyon Vil la. Anplis de sa, yo kapab retounen nenpòt lajan ki rete ki pa depanse bay Vil Brockton. Si sa a pa respekte, sa a pral lakoz soubenefisyè a pa elijib pou finansman sibvansyon nan kad pwogram sibvansyon American Rescue Plan Act (ARPA) Vil Brockton nan alavni.

II. BIDJÈ YO APWOUVE POU PWOJÈ A AK JESYON FINANSYE

Soubenefisyè a dwe egzekite bidjè yo soumèt la k ap kenbe tout depans ki elijib epi ki akseptab selon estanda kontablite Biwo Jesyon ak Bidjè (Office of Management and Budget) tabli nan 2 CFR 200 ak Soupati E Pati 200- Pri Prensipal yo (Cost Principals)¹. Rapò chak trimès yo deziyen yo pral bay soubenefisyè yo opòtinite pou yo fè amannman ki nesèsè nan bidjè a apre ajans ki bay sibvansyon an fin revize.

III. REYALIZASYON PWOJÈ A

Benefisyè sibvansyon an dwe reyalize pwojè yo pwopoze a jan yo dekri l nan aplikasyon demann sibvansyon an. Sa a gen ladan l kantite travay ki detaye nan aplikasyon demann sibvansyon an ak kalandriye aktivite yo. Nenpòt chanjman ki nesèsè pou reyalizasyon pwojè a dwe defini pandan rapò chak trimès soubenefisyè a ap bay la.

¹ Soubenefisyè a dwe administre pwogram li an selon Iwa 2 CFR 200 ki gen tit Egzijan Administratif Inifòm, Pri Prensipal, ak Egzijans Odit pou Sibvansyon Federal (Uniform Administrative Requirements, Cost Principals, and Audit Requirements for Federal Awards) (Uniform Guidance)

IV. ADMINISTRASYON EPI KONFÒMITE AK RÈGLEMAN FEDERAL YO

1. Soubenefisyè ak Finansman Federal- Moun k ap aplike a responsab antanke soubenefisyè finansman federal dapre CFDA #21.027- American Rescue Plan Act (ARPA) Grant Program Vil Brockton nan epi non yo dwe nan lis ki nan rapò yo chak ap bay nan Single Audit Act la. Soubenefisyè ki depanse plis pase \$750,000 nan finansman federal yo ap anba Lwa sou Odit Senp (Single Audit Act) lan.
2. Kòd Konduit- Règleman federal (2 CFR 200) pou fon diskresyonè egzije antite ki pa Federal k ap resevwa sibvansyon asistans federal yo pou yo kenbe kòd konduit estanda yo pou pwoteje yo kont konfli enterè potansyèl a ajans ki bay sibvansyon an (Vil Brockton).
3. Divilgasyon Obligatwa- Seksyon 200.113 nan Soupati B², di soubenefisyè yo dwe divilge, alekri, si sa rive, tout vyolasyon lwa penal Federal ki enplike fwod, koripsyon, oswa vyolasyon tep (gratuity) ki kapab afekte finansman Federal la.
4. Sistèm Nimewotasyon Dun and Bradstreet (DUNS) ak System Award Management (SAM) ki aktif- Chak aplikan (sof si aplikan an se yon patikilye oswa yon ajans sibvansyon Federal ki pa nan egzijans sa yo dapre 2 CFR 25.110(b) oswa (c), oswa ki gen yon eksepsyon ajans sibvansyon Federal la apwouve dapre 2 CFR 25.110(d)) dwe gen eleman ki annapre yo:
 - (i.) Yon enskripsyon SAM aktif oswa yon enskripsyon ki an preparasyon;
 - (ii.) Bay yon nimewo DUNS ki valid;
 - (iii.) Kontinye kenbe yon enskripsyon SAM aktif avèk enfòmasyon ki ajou tout tan pandan li se soubenefisyè yon sibvansyon Federal aktif.
5. Siveyans Pèfòmans- Y ap siveye tout soubenefisyè yo pou pèfòmans jan yo te di sa a nan Fèy Enfòmasyon an.
6. Apwovizyonman- tout soubenefisyè yo dwe respekte tout lwa federal, leta ak lokal ki aplikab yo nan kesyon apwovizyonman.
7. Diskriminasyon- Dapre Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, pa gen pèsonn ki ka, anpeche pèsonn patisipe nan yon pwogram, refize pèsonn jwenn avantaj oswa fè pèsonn sibi diskriminasyon nan kad yon pwogram oswa yon aktivite kote y ap resevwa asistans finansye federal, poutèt ras yo, koulè yo, sèks yo oswa orijin nasyonal yo.

² Soupati B- Dispozisyon Jeneral (2 CFR 200)

8. Chanjman nan Kantite Sèvis ak Bidjè- tout soubenefisyè yo anba kondisyon ki tabli nan Fèy Enfòmasyon an.
9. Pa an konfòmite- soubenefisyè ki pa respekte prensip ki tabli nan Notice of Funding Opportunity (NOFO) ap sibi yon revokasyon kontra jan sa a dekri nan Fèy Enfòmasyon an.
10. Lòt Dispozisyon- soubenefisyè yo bay sibvansyon yo ap kenbe yon dosye sou tout korespondans yo, jan yo kapab, ki gen rapò ak sousibvansyon an, ak tout atachman ki obligatwa nan aplikasyon an.

ANGIZ TEMWAYAJ DE SA, [SOUBENEFISYÈ] AK VIL BROCKTON TE DEPOZE SIYATI YO NAN DAT SA A.

Egzekite XX jou XXX, 2022

Prezidan Direktè Jeneral Ajans
San bi likratif/Konfesyonèl

Dat


Ofisye Finansye Anchèf Dat

Depatman Jiridik

Dat

Majistra

Dat



ATACHMAN

Vil Brockton, Massachusetts

ATACHMAN 1

EGZANP AKÒ KONTRA APWOVIZYÒNMAN

AKÒ SIBVANSYON sa a te fèt [DAT] ant [**Ajans San Bi Likratif/Konfesyonèl**] ak **Vil Brockton** kote yo te dakò kondisyon sa yo nan objektif [Tit Pwojè]:

An konsiderasyon pwomès respwòk ant pati ki nan akò sa a ak pou lòt konsiderasyon valab chak pati yo rekonèt yo te resevwa, yo dakò:

1. Vil Brockton ap chèche genyen kontra avèk ajans san bi likratif la pou XXXXXXXX
2. Ajans san bi likratif la dakò pou XXXX
3. [Ajans san bi likratif] ap bay eleman ki apre yo:
 - a. XXX
 - b. XXX
 - c. XXXX
 - d. XXXX
4. Vil Brockton dakò pou debouse **\$XXXX** bay [Òganizasyon san bi likratif/Relijye] pou l bay sèvis yo idantifye nan Atik #3 nan Kontra a.
5. Tout materyèl, founiti, ak ekipman yo dwe F.O.B. Brockton.
6. Pri yo bay yo ka sibi enfliyans nenpòt ogmantasyon transpò oswa nenpòt taks Gouvènman an sou lavant oswa nenpòt règleman Gouvènman ki ta ka vin an vigè.
7. Òganizasyon san bi likratif la dakò aksepte [Kontra #] jan sa dekri nan dokiman sa a, men, a kondisyon yo gen dwa pou enspeksyon.
8. Vandè a garanti materyèl yo founi yo se bon jan kalite materyèl epi yo konfòm a espesifikasyon Achtè a mande a epi, si yo ta jwenn materyèl yo di yo pa bon, Achtè a gen dwa pou l ànile kontra sa a imedyatman.

9. Yo dwe fè pèman an selon dispozisyon Chat Vil la ki gen rapò ak pèman obligasyon minisipal yo.
10. Se entansyon pati yo pou yo kenbe kontra sa a soti **[XXX rive XXX]** sof si yo te kanpe l pi bonè apre yon akò respwòk ki ekri oswa apre yo te fin egzekite tout egzijans pati ki nan dokiman sa a te anvizaje yo.
11. Òganizasyon san bi likratif la gen dwa pou l renouvle kontra sa a si yo jwenn finansman alavni pou menm inisyativ la.
12. Òganizasyon san bi likratif la dakò pou l asime tout risk ki gen rapò ak livrezon [# Kontra] ajans san bi likratif la fè.
 - *Yon akò sibvansyon, yo retire espesyalman nan definisyon sèvis yo jwenn nan seksyon 2 nan Chapit 30B. Yo defini yon akò sibvansyon kòm **yon akò ant yon enstitisyon gouvènmantal ak yon patikilye oswa yon antite ki pa gen bi likratif ki gen kòm objektif reyalize yon objektif pou sipòte oswa fè yon motivasyon piblik olye pou yo achte founiti oswa sèvis pou benefis ajans gouvènman an.***

Apwouve pou fòm nan sèlman:

Sèvis Jiridik

Dat

PDG (san bi likratif ak relijye) Siyati Dat

Apwouve:

Majistra

Dat

Chèf Sèvis Minisipal

Dat

ATACHMAN 2

VIL BROCKTON – FOMILÈ A (RETOUNEN L AK AKÒ SIBVANSYON AN)

ATESTASYON FISKAL BENEFISYÈ A

Mwen sètifye, sou risk pou m sibi pèn ak penalite pou fo temwayaj, dapre sa mwen konnen ak kwayans mwen, mwen te ranpli tout deklarasyon taks eta a epi mwen peye tout taks leta egzije yo dapre lalwa.

Pou SOSYETE itilize SÈLMAN:

BON NON SOSYETE A

SIYATI RESPONSAB LA

NIMEWO IDANTIFIKASYON FEDERAL (FEIN)

Pou PATIKILYE OSWA LÒT KONPAYI KI PA SOSYETE itilize SÈLMAN:

_____ *

SIYATI PATIKILYE A

_____ **

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OSWA
NIMEWO IDANTIFIKASYON FEDERAL (FEIN)

*Yo p ap apwouve kontra a oswa lòt akò si aplikan an pa siyen kloz sètifikasyon sa a.

**Y ap bay Depatman Revni Massachusetts (Massachusetts Department of Revenue) nimewo sekirite sosyal ou a pou yo verifiye si w ranpli obligasyon w tankou deklarasyon/pèman taks.

SÈTIFIKA VÒT SOSYETE A

Mwen,

_____ ; grefye/ofisye

fè konnen nan yon reyinyon Konsèy Administrasyon/Ofisyèl sosyete/konpayi sa a, ki te fèt _____ yo te fè vòt sa a:

Vòt pou otorize _____ siyen nan non
saosyete/konpayi a ak Vil Brockton pou _____.

Siyati Grefye/Ofisye a

*** TANPRI TOU VOYE YON KOPI SÈTIFIKA VÒT SOSYETE A.**

VIL BROCKTON – FOMILÈ B (RETOUNEN L AK AKÒ SIBVANSYON AN)

DEKLARASYON SOU SÈMAN GREFYE SOSYETE VANDÈ A
(Pou Grefye a siyen epi pou l ranpli)

Mwen, _____, sètifye konsa:
(Non konplè Grefye a ekri an lèt detache)

1. Mwen se Grefye _____ (ekri non egzat sosyete a an lèt detache) ki byen òganize epi anrejistrre dapre lwa Commonwealth Massachusetts la (oswa Eta _____) epi ki/ki pa (antoure youn) anrejistre kòm sadwa pou fè biznis nan Commonwealth nan Massachusetts ak yon kote prensipal pou fè biznis nan _____.
2. Non, adrès rezidansyèl yo ak tit dirijan nan sosyete a yo site anwo a:

Prezidan

Adrès

Vis Prezidan

Adrès

Trezorye

Adrès

Rezidan/Ajan Anrejistre

Adrès

3. Sosyete yo endike anwo a te monte nan dat _____.
4. Nimewo idantifikasyon fiskal federal sosyete sa a se _____.
5. Sosyete yo site anwo a anrèg ak Sekretarya Commonwealth Massachusetts la oswa Eta a _____ (si li anrejistre dapre lwa yon Eta etranje) epi li te ranpli tout deklarasyon taks federal ak leta epi li te peye tout taks federal, eta a ak/oswa taks lokal obligatwa dapre lalwa.
6. _____ otorize pou l siyen kontra/akò nan non _____ dapre vòt Konsèy Administrasyon/Ofisye yo nan dat _____.

7. Mwen, nan non sosyete yo site anwo a, mwen rekonèt avèk kontra sa a, sosyete sa a ap fè tranzaksyon nan Commonwealth Massachusetts jan M.G.L. Chapit 223 A, Seksyon 1, ak sa ki suiv yo epi li anba jiridiksyon tribinal li yo defini l lan. (Konsène Sosyete ki pa Masachsetts sèlman.)

SIYEN anba risk pou sibi pèn ak sanksyon pou fo temwayaj nan dat _____
20__sa a.

Siyati Grefye Sosyete a

VIL BROCKTON – FOMILÈ C (RETOUNEN L AK AKÒ SIBVANSYON AN)

FÒMILÈ ENSKRIPSYON VANDÈ A

POU BENEFISYÈ A RANPLI:

NON AK TIT MAJISKIL/AN LÈT DETACHE: _____

SIYATI: _____ DAT _____

NON LEGAL APWOPRIYE ANTITE A: _____

FEIN oswa NIMEWO SEKIRITE SOSYAL si FEIN an pa aplike ak ou: _____

ADRÈS BIZNIS LA: _____

NIMEWO TELEFÒN: _____ NIMEWO FAKS: _____

ADRÈS IMÈL: _____

SI SE SOSYETE:

1. BAY NON KORÈK ANTREPRIZ OU:

2. ETA AK DAT LI TE MONTE:

3. SI SE SOSYETE ETRANJE, BAY DAT ANREJISTREMAN MASSACHUSETTS LA:

SI SE SOSYETE ETRANJE KI FÈ TRANZAKYON NAN MA, BAY NON/ADRÈS REZIDAN/AJAN KI ANREJISTRE NAN MA A (OBLIGWA):

SI SE KONPAYI, BAY NON AK TIT PWOPRIYETÈ A:

SI SE PATENARYA, BAY NON AK ADRÈS PATENÈ YO:

SI SE FIDISI OSWA ANTITE LEGAL, BAY NON AK ADRÈS FIDISI OSWA ANTITE LEGAL LA:

DEKLARASYON KLASIFIKASYON ANTREPRIZ MINORITÈ/FANM

1. Se sitou yon minorite ki posede antrepriz nou an prensipalman (plis pase 50%).
WI _____ NON _____
2. Se sitou fanm ki posede antrepriz nou an prensipalman (plis pase 50%).
WI _____ NON _____
3. Konpayi nou an anrejistre nan S.O.M.B.A. (Biwo Eta Minorite ak Asistans pou Biznis)
WI ___ NON ___ /

KATEGORI SÈTIFIKASYON SOMWBA: ___ / MBE ___ WBE _____

VIL BROCKTON – FOMILÈ D (RETOUNEN L AK AKÒ SIBVANSYON AN)

Kloz Atestasyon

Dapre Chapit 233, Seksyon 35 nan Lwa 1983 yo, sibdivizyon politik yo ak ajans Commonwealth dwe bay Komisè Revni an yon lis tout moun ki te bay byen, sèvis oswa espas imobilye ki bay senk mil dola (\$5,000.00) an total oswa plis, chak àne. Chapit 233 nan Lwa 1983 yo, Seksyon 35 ak 36 egzije pou chak founisè oswa machann byen ak sèvis nan nenpòt ajans minisipal dwe sètifye li konfòm ak tout lwa ki gen rapò ak taks. Atestasyon an dwe fèt nan moman y ap bay, renouvle, oswa pwolonje yon lisans, yon kontra oswa yon akò. Nenpòt moun/konpayi ki pa fè sa Kloz Atestasyon sa a mande a pa dwe gen dwa jwenn, renouvle oswa pwolonje yon lisans, yon kontra oswa yon akò. Chak aplikan yo pran dwe montre li konfòm ak Chapit 233 pandan l ap bay yon Nimewo Sekirite Sosyal oswa yon Nimewo Idantifikasyon Federal lè yo ba l yon kontra.

BENEFISYÈ/AJANS: _____

SIYATI OTORIZE: _____

NON AK TIT MAJISKIL/AN LÈT DETACHE: _____

Asirans Respè Antidiskriminasyon an

Benefisyè/Ajans la pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj oswa sèks, sou okenn anplwaye oswa kandida pou travay konpayi sa a, nan youn nan domèn sa yo:

1. Rekritman, anbòch, reklasman, pwomosyon, li te mèt se pou travay aplentan, konsiderasyon pou retwogradasyon, transfè, revokasyon, oswa reanbochaj.
2. kantite yo peye oswa nenpòt lòt fòm konpansasyon epi chanjman nan sa yo peye a.
3. Pòs yo bay travay ak estati ansyènte.
4. Lè yo bay konje ak fini konje, konje matènite, oswa nenpòt lòt konje.
5. Avantaj sosyal ki disponib gras a travay la, kit se benefisyè a k ap resevwa l ou pa.
6. Seleksyon ak sipò finansye pou fòmasyon, ak tout aprantisaj, reyinyon pwofesyonèl, konferans ak lòt aktivite ki gen rapò ak sa a, seleksyon pou asistans ekolaj, ak seleksyon pou konje sabatik ak konje pou swiv yon fòmasyon.
7. Aktivite patwon an patwone, tankou pwogram sosyal oswa rekreyatif.
8. Nenpòt lòt tèm, kondisyon oswa privilèj travay.

BENEFISYÈ/AJANS: _____

SIYATI/TIT/DAT OTORIZE: _____

ADRÈS AK TELEFÒN: _____

VIL BROCKTON – APENNDIS D (RETOUNEN L AK AKÒ SIBVANSYON AN)

Sètifika Asirans (Kontra Sèvis Sèlman*)

Antanke Benefisyè Akò sa a, ou dwe bay Vil Brockton yon SÈTIFIKA ASIRANS ki byen andose. Yap nonmen ni Vil Brockton ni Benefisyè/Ajans la kòm kowasire/asire anplis epi y ap nonmen Vil la pwopriyetè sètifika a, epi yo dwe bay toude pati yo sètifika asirans. Benefisyè/Ajans la dwe fè rapò aksidan ak reklamasyon yo. Sètifika sa a DWE akonpaye akò a. Sòf si Akò a prevwa yon lòt jan, Benefisyè/Ajans la dwe ranpli kondisyon asirans sa yo:

KONPANSASYON TRAVAYÈ: Benefisyè/Ajans la, anvan yo kòmanse fè travay yo mande pou yo fè dapre Akò a, dwe bay pèman konpansasyon an, ki nan Lwa Jeneral yo (ter. Ed.) Chapit 152 jan yo te amande l la pou tout moun l ap anplwaye nan kad reyalizasyon sa a epi li pral kontinye fè sa a pandan tout peryòd Akò sa a ap dire.

RESPONSABLITE PIBLIK: Nan kenz (15) jou apre yo fin ba l akòsa a, Benefisyè/Ajans la dwe, nan kòb pa l, achte epi kenbe yon asirans Responsablite Piblik pou minimòm \$500,000/\$1,000,000 ak yon asirans Responsablite Domaj Materyèl pou minimòm \$50,000. /\$100,000.

Règleman yo dwe genyen yon dispozisyon ki ekri konsa: "Konpayi Asirans lan renonse tout dwa rekou kont Vil Brockton ki ka rive akòz nenpòt pèman ki anba règleman sa a."

Règleman an/yo dwe genyen nan devan an yon nòt ki di yo pa ka ànile yo san yo pa t bay Vil la omwen trant (30) jou preyavi (avètisman) ekri kòm pwopriyetè.

Anplis de sa, sètifika tout règleman yo dwe bay yon avi ànilasyon pou ofisyè k ap siyen kontra a epi sètifika yo dwe di yo te antre dispozisyon ki anwo yo ladan l.

***SÈVIS KONSEPSYON/KONSILTASYON, TANPRI BAY YON PRÈV ASIRANS RESPONSABILITE PWOFESYONÈL.**

SIYATI OTORIZE: _____

Endamnizasyon ak Dechaj

Nan tout limit lalwa pèmèt, BENEFISYÈ/AJANS la dwe dedomaje, defann, epi kenbe VIL la ak ofisye respektif yo, direktè, anplwaye yo ak ajan yo ("Pati yo Dedomaje yo") kont tout reklamasyon, domaj, demann, pèt, depans, amann, koz aksyon, pwosè oswa lòt responsablite, (ki gen ladan depans, frè avoka rezonab, domaj endirèk ak domaj pinitif), akòz travay BENEFISYÈ/AJANS la ap fè dapre Akò sa a menm si reklamasyon, domaj, demann, pèt oswa depans sa yo ka atribiye a blesi kòporèl, yon domaj pèsònèl, yon maladi oswa lanmò, oswa blesi oswa destriksyon byen mèb, ki gen ladan l pèt itilizasyon ki vin genyen; men sèlman nan limit yo ka atribiye sa a neglijan BENEFISYÈ/AJANS lan oswa nenpòt antite oswa moun li legalman responsab oswa li responsab pou lòt moun; kit se yon anplwaye BENEFISYÈ/AJANS la ki prezante reklamasyon an ou non. Obligasyon endamnite sa a pa dwe redui oswa limite nenpòt lòt obligasyon oswa responsablite BENEFISYÈ/AJANS lan ki nan Akò sa a oswa otreman. Dedomajman sa a pa dwe limite nan okenn fason kantite oswa kalite domaj, konpansasyon oswa benefis BENEFISYÈ/AJANS lan dwe peye a dapre nenpòt lwa konpansasyon travayè, lwa avantaj andikap oswa lòt lwa avantaj anplwaye yo. Dedomajman sa a pral ajoute sou nenpòt lòt responsablite akò a enpoze epi li pral rete pou jiskaske travay k ap fèt anba Akò a fini oswa lè yo revoke Akò a.

Paske BENEFISYÈ/AJANS la pran RESPONSABILITE a, sa a pa depann de kouvèti asirans BENEFISYÈ/AJANS la te pran an dapre kondisyon Akò sa a, epi li pa limite l nan okenn fason.

SIYATI OTORIZE: _____

ATACHMAN 3



City of Brockton, Massachusetts

Chapter 30B Quote Form (\$10,000 to \$50,000) Chp. 30B (Goods & Services) **written contract required for all procurements over \$10,000*

Date: _____

Department: _____ Contact Name: _____

1. Type of Supplies and/or Services to be Purchased: Purpose of Use:

2. Is this Chapter 30B Exempt / Sole Source / Grant Agreement / Emergency Procurement

If so, why? _____

Quotations Solicited From:

A. Company Name: _____ Quote: \$ _____
Address: _____ Date: _____
City/State/Zip Code: _____ Phone: _____
Contact Person: _____ Title: _____
E-mail: _____

B. Company Name: _____ Quote: \$ _____
Address: _____ Date: _____
City/State/Zip Code: _____ Phone: _____
Contact Person: _____ Title: _____
E-mail: _____

C. Company Name: _____ Quote: \$ _____
Address: _____ Date: _____
City/State/Zip Code: _____ Phone: _____
Contact Person: _____ Title: _____
E-mail: _____

For Procurement use only: Contract/Project #: _____
--

Please send completed form to: Procurement@cobma.us

Authorized by: _____

Department Head's Signature /Date

Approved by: Michael C. Morris/Date
Chief Procurement Officer